



Pati 2: Entwodiksyon

## Fè bon tè a travay:


# Grandi anndan ak deyò

Tè ki donnen anpil : Kòmanse yon lavi tounèf ak Jezi

---

Pandan anpil syèk, **pyebwa** te toujou sèvi yon bon senbòl pou ede moun konprann lavi esprityèl. Labib sèvi anpil ak imaj sa tou pou montre kisa relasyon nou ak Bondye ye:

- ❖ *Ala bon sa bon pou moun ki pa koute konsèy mechan yo, ki pa swiv egzanp moun k'ap fè sa ki mal, ki pa chita ansanm ak moun k'ap pase Bondye nan betiz, men ki pran tout plezi l' nan lalwa Seyè a, k'ap repase l' nan tè li lajounen kou lannwit. Li tankou yon **pyebwa** yo plante bò kannal dlo: Li donnen lè sezon l' rive. Fèy li p'ap janm fennen. Tou sa l' fè soti byen (Sòm 1:1-3, HCV)*
- ❖ *Men, mwen tankou yon bèl **pye oliv** tou vèt nan kay Bondye a. M'ap toujou mete tout konfyans mwen nan li, paske li p'ap janm sispann renmen mwen (Sòm 52:8, HCV).*
- ❖ *Benediksyon pou moun ki mete konfyans yo nan Seyè a, wi, pou moun ki mete tout espwa yo nan li. L'ap tankou pyebwa yo plante bò larivyè, k'ap plonje rasin li nan dlo. Li pa pè anyen lè sezon chalè rive, paske fèy li yo ap toujou vèt. Te mèt gen yon lanne chechrès, sa pa fè l' anyen, l'ap toujou donnen (Jeremi 17:7-8, HCV).*




Ann pran egzanp yon pyebwa ki gwo, ki djanm. Li grandi nan tout direksyon. Pyebwa a grandi tou dwat nan direksyon solèy la, li fè branch li yo rive byen wo, pi wo toujou, pandan l' ap rale limyè solèy la. Men pyebwa yo grandi desann anba tou. Sa ou pa wè anba tè a se rasin pyebwa a. Yo se branch ki kache, lwen je, ki grandi anba tè. Rasin bay pyebwa a ekilib pou anpeche l' sot tonbe lè tanpèt soufle. Pandan rasin yo ap detire desann pi fon epi gaye pi lwen, yo chèche tout kalte manje ak dlo nan tè, dekwa pou yo grandi epi rete ansante. Pyebwa yo grandi deyò tou. Branch li yo deplwaye byen gran, yo pèmèt plis branch vin devlope, plis fèy, plis fwi, epi yo bay nou bon lonbray pou nou jwi.

Menm jan ak yon pyebwa, ou bezwen grandi nan tout direksyon. Grandi nan lavi esprityèl ou mande pou ou devlope nan **dimansyon anndan menm jan ak deyò**.

Lakwa se pi gwo senbòl konsènan lafwa yon kretyen paske Jezi te bay lavi L pou nou sou lakwa. *Li menm, li pote peche nou yo nan kò li, sou **bwa a**. Konsa, nou mouri parapò ak peche pou nou viv pou jistis. Se grasa blese li yo, nou geri (1 Pyè 2:24)*. Men jan ak yon pyebwa, lakwa gen yon dimansyon vètikal ak orizontal – yo pran direksyon anlè, anba, epi sou kote.

Pandan w ap panse sou kòman wap grandi nan Bondye a, kite imaj lakwa a fè w sonje fason pou w grandi nan sans vètikal ak orizontal: **relasyon w ak Bondye pa anndan epi relasyon w ak moun pa deyò**.



Nan dezyèm pati leson nou an, ou pral aprann kèk abitud espirityèl ki enpòtan anpil anpil pou pèmèt ou kontinye grandi nan Kris. Aktivite ki gen rapò ak lavi anndan an, tankou aprann nan pawòl Bondye epi aprann kòman pou ou priye, sa yo dwe abitud lavi w chak jou. Sa yo ap ede w devlope yon relasyon ki pi sere ak Jezi. Aktivite ki gen rapò ak lavi w deyò, tankou sèvis n ap fè nan mitan lòt kretyen yo epi misyon nou fè bò kote sila yo ki pa nan lafwa, bagay sa yo enpòtan nan konpòtman ak relasyon nou dwe devlope.

Pou nou kòmanse dezyèm pati leson nou yo, nou pral pran tan pou etidye sa Jezi di ki se komannman ki pi enpòtan yo. Men avan ou kòmanse, fè priyè senp sa a :



**Bondye ki gen tout pouvwa a, oumenm ki toujou ap rele pèp ou a pou vin jwenn ou, avèk pisans Lespri Sen ou a, rale nou vin jwenn ou nan chalè relasyon sere ak Ou ; sa va pèmèt nou swiv ou chak jou nan lavi nou. Nou priye nan non Jezi Kris. Amèn.**

<sup>1</sup> Job, Rueben A., Shawchuck, Norman. *A Guide to Prayer for Ministers and Other Servants*. Nashville, TN (1983): The Upper Room.